ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№24 (24.150) ● 2021 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 6, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ хъыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ К. В. республикэм щыпсэухэм зэрызахуигъаазэр

Пщlэ зыхуэсщI си лъахэгъуэ!

1944 гъэм гъатхэпэм и 8-р балъкъэр лъэпкъми Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу псоми я дежкIэ уващ нэщхъеягъуэ махуэу. Илъэс 77-кIэ узэIэбэкIыжмэ, акъылым къыпхуимыгъэтIасэ щIэпхъаджагъэ, захуагъэм зыкIи пхуемыхьэлIэ Iэуху шынагъуэ ялэжьащ - балъкъэр лъэпкъыр залымыгъэкIэ хэкум ирашащ. Мы махуэхэм дэ кууэ зыхьдощIэ абы къыдэкIуа гуаэр, кIэлъыззрахьа хабзэншагъэм и зэранкIэ хэкIуэдахэм дахоущIгъуэ, адзжь щIыналъэм къагъэзэжыну хуит щыхъуа махуэр къэмысу зи Iыхьлыхэр дунейм екъжахэм дахоугузавэ.

Илъэс пщыкIущкIэ хамэ щIыпIэм щыIа балъкъэр лъэпкъым хьэзаб куэд игъэвыну къыхуихуад, ауэ ар а гъэунэхуныгъэхэм къызэсфIэмыщIэу пхыкIад. Гугуехь псоми пэлъэщри, лъэпкъыр нэхъри лъэщ икIи зэкъуэт хъуад, и бзэр, щэнхабзэр, хабзэхэр, и псэкупсэ къулеигъэхэр ихъумэфад. И адэжь лъахэм кIыгъэзэжа нэужь балъкъэр лъэпкъыр жану хыхьэжащ гъащIэщIэ ухуэн лэжьыгъэм. Илъэс кIуахэм абыхэм зыдаужьащ, ехъулIэныгъэшхуэхэр къыщахьащ экономикэ, социальнэ, щэнхабзэ Iэнатlэхэм. Нобэ ар гушхуэныгъэ иIэу хуэолIыэ къэкIуэну махуэм, республикэм лъэпкъ куэду зэхэт и цIыхубэм ящIыIэуу ди Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэкIуэнум хуолажьэ.

Шэч къытесхьэркъым, дызэкъуэтмэ, зызэщIэдгъакъуэмэ, сыт хуэдэ гугъуехьми дызэрыпэлъэщынум, ди республикэм и зэIуэзэпэщыгъэр зэрызэздгъэпэщыфынум, ар нэхъри зэрытхуегъэфIэкIуэнум.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

1. Къэщтэн ущыпсэуну дзыхьщIыгъуэджэ хъуа унэхэм цIыхухэр къыщIэгъэIэпэхъукIыныр зи нэIэ щIэтыну, жьы хъуа унэхэм щIэсхэр абыхэм щIэлэпхъукIын щамыдэ къыззрыхъум ехьэлIауэ къыкъуэкI гугъуехьхэр дзэзыгъэкIыну лэжьакIуэ гупым хэтхэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2017 гъэм щэкIуэгъуэм и 29-м ящыгъэкIа Унафэ №145-РГ-м лэжьакIуэ гупым ехьэлIауэ хэт Iыхьэм къару имыжу къэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм мазаем и 24-м
№17-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2021 гъэм мазаем и 24-м къыдигъэкIа Унафэ №17-РГ-мкIэ къащтащ

Ущыпсэуну дзыхьщIыгъуэджэ хъуа унэхэм цIыхухэр къыщIэгъэIэпэхъукIыныр зи нэIэ щIэтыну, жьы хъуа унэхэм щIэсхэр абыхэм щIэлэпхъукIын щамыдэ къыззрыхъум ехьэлIауэ къыкъуэкI гугъуехьхэр дзэзыгъэкIыну лэжьакIуэ гупым ХЭТХЭР

КIуэкIуэ К. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэр *(лэжьакIуэ гупым и унафэщIщ)*

Къунижь М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэр *(лэжьакIуэ гупым и унафэщым и къуэдзэщ)*

Ахъуэхъу Т. Б. - Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Бэрбэч А. Ю. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэмкIэ и министрыр

Пагуэ Ж. А. - ЩэхуакIуэхэмрэ цIыхухэм я сэбэп зыхэлъхэмрэ хъумэным кIэлъыплъ Федеральнэ Iэхъущ1ап1эм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщым и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Тонконог А. Ю. - Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и унафэщым и япэ къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Хьэгъундокъуэ А. Б. - «ПсэупIэ-коммуналнэ хозяйствэм и лэжьакIэр жылагъуэм и кIэлъыплъныгъэм щIэтыныкIэ щIыналъэ центр» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ УФ-м и Правительствэм щIыналъэ зыужьыныгъэмкIэ и комиссэм и президиумым иригъэкIуэкIа зэIущIэм

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ Урысей Федерацэм и Правительствэм щIыналъэ зыужьыныгъэмкIэ и комиссэм и президиумым и зи чэзу зэIущIэм. Видеоконференц зэпыщIэныгъэ мардэм тету ар иригъэкIуэкIащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хуснуллин Марат.

ЗЭIУЩIЭМ нэхъыщхьэу зыщытепсэлъыхьар ухуэныгъэ Iэнатlэм щIыналъэ проектхэр щыгъэзащIэным ехьэлIа Iэхъуэрщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым «ПсэупIэ» щIыналъэ проектым илкъ иткIэ 2020 гъэм щатащ псэупIэ метр зэбгъуэзнатlэ мин 499,8-рэ, я мурадам нэхъри проценти 5,4-кIэ нэхъыбэ. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщыныр, абыхэм коммуналнэ Iэхъутхьэбзэхэр яхуэщIэныр» къэрал программэм хыхьэу 2021 гъэм республикэм щахухуэну я мурадщ псэупIэ метр зэбгъуэзнатlэ мин 513-рэ. Дызэрыт илъэсым и щIышылэ - мазаем мазэхэм ятакIэщ метр зэбгъуэзнатlэ мин 21-рэ. Ар илъэс кIуам и иджы хуэдэ лъэхъэнэм яхуэзэфIэкIам нэхъри проценти 10,6-кIэ нэхъыбэщ.

ЗэIущIэм и гугъу щащIащ щIыналъэ проектхэмрэ къэрал программэмэхэмрэ щызэфIагъэкIын хуей пIалъэхэм, апхуэдэуи псэупIэ ятхэм я фIагъэр зыхуэдэн хуейм. Мыбдежым гулъытэ нэхъыбэ игъуэтащ хуэныгъэхэр щIыхуэхэр зыхуэныкъуэ инфраструктурэкIи къызэрагъэпэщын зэрыхуейм: нэхэм къедза щIыпIэхэр зэIуэпэщ щIыным, хьэблащIэхэм гъуэгухэр тэмэму екIуалIэу щытыным ехьэлIа Iэхуэхэм.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Нэхъыжьхэм защIэгъэкъуэным теухуа республикэпсо щэбэт щIыхьэху егъэкIуэкIыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2021 гъэм гъатхэпэм и 3-м №28-ПП

1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ныкъуэдкIуэ хэхъухьахэмрэ абы хэтахэмрэ, апхуэдэу зауэм хэкIуэдахэм я щхьэгъусэхэм зэрызыщIагъакъуэр егъэфIэкIуэн икIи абыхэм адэкIи социальнэ дэIэпыкъуныгъэ етын мурадкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Зауэм, лэжьыгъэм, Iэщ1экIэ зэщIэуэзэда къарурхэмрэ хабзэхъуэм органхэмрэ я ветеранкэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и профсоюзхэм я зэгухьэныгъэ» Союзымрэ къыхахьа лъхьа жэрдэмыр ядэIыгъын икIи нэхъыжьхэм защIэгъэкъуэным теухуа республикэпсо щэбэт щIыхьэху 2021 гъэм гъатхэпэм и 27-м егъэкIуэкIын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэзащIакIуэ властым и органхэм, муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыналъэ администрацхэм, я мылькыр зыхуэдэм емыплъытауэ, Iэхъущ1апIэ псоми чэнджащ етын нэхъыжьхэм защIэгъэкъуэным теухуа республикэпсо щэбэт щIыхьэхум хэтыну икIи я зы махуэ лэжьапIэр абы халъхьэну.

3. Нэхъыжьхэм защIэгъэкъуэным теухуа республикэпсо щэбэт щIыхьэхум хэтахэм езыхэм яфIэфIу фондым псапащIэ ахъшэу халъхьэр ягъэхьын хуейщ «Урысей Федерацэм и бюджет Iэнатlэм и лIэужьыгъуэхэм Федеральнэ казначействэм и органхэм трагуашэ хэхъуэхэр» 03100643000000010400 счетым, «Урысей Федерацэм хьыкъэ щIыналъэхэм я бюджетхэм я нэгъэщI налогыншэ хэхъуэхэр» 961 1 17 05020 02 0000 180 кодымкIэ.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэу къащхьащIыжыныкIэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансэмкlэ и министерствэм яхуэгъэувын щэбэт щIыхьэхум и фондым къыхалъхьа ахъшэм и хьэкъкIэ:

1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ныкъуэдкIуэ хэхъухьахэмрэ абы хэтахэмрэ, апхуэдэуи зауэм хэкIуэдахэм я щхьэгъусэхэм зэ тыгъуэу зэрадгIэпыкIу ахъшэу зэ тыгъуэу дэтхэнэми сом мин 75-рэ етыныр 2021 гъэм накъыгъэм и 9-м и пэ къихуэу зэфIагъэкIыну;

муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыналъэ администрацхэм, апхуэдэу ветеранхэм я къалэ (район) советхэм ягурыIуэу, 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ныкъуэдкIуэ хэхъухьахэмрэ абы хэтахэмрэ, зауэлI хэкIуэдахэм (лIахэм) я щхьэгъусэхэу зи псэупIэхэр зэгъэпэщыжьын хуейхэм 2021 гъэм кIуэрубудэу зыщIагъэкъуэну.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэм хуэгъэувын нэхъыжьхэм защIэгъэкъуэным хуэгъэпсыкIа республикэпсо щэбэт щIыхьэхур зэрекIуэкIымрэ абы къарикIуахэмрэ республикэ хьыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэмкlэ хэIущIыIу ящIыныр къыззригъэпэщыну.

6. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъныр и пщэ дэлъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Хьубий М. Б.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 МУСУКОВ Алий.

● Дыгъуасэ

Псалъэмакъ щхьэпэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Iущ1ащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.

НЭХЪЫЖЬЫФIЫР гуапэу иригъэблагъэри, республикэм и Унафэщым щыгъуазэ зищIащ Хьэфыецlэр зи тхьэмадэ Iэнатlэхэм я Iуэху зыIутым. ЩIыналъэм зиужьыным, Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ КъБР-м и унафэщIэхэм зэфIах Iуэхухэм цIыхубэр щыгъэгъуэзэнымкIэ къаленыншхуэ я пщэ къыдохуэ газетхэм. А лэжьыгъэм зэрехьулIэм, Iэнатlэр зыIуэу гугъуехьхэм гупсэхуу тепсэлъыхьащ. ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. Алхуэдэу, «Адыгэ псалъэ» газетым и япэ номерыр дунейм къызэрытехьэрэ илъэсиу 100 зэрыгрикъум зыхуэгъэхьазырым, ар гъэлъэпIэным тепуха Iуэхухэм, «Адыгэ макъ», «Адыгэ псалъэ», «Черкес хэку» газетхэм номер зэхэтхэр илъэс 30 хъуауэ къыззрыдагъэкIым, а Iуэху щхьэпэм адэкIи къыпыщэн зэрыхуейм и гугъу ищIащ. Республикэ газетхэр егъэфIэкIуэныммкIэ, ахэр нэхъ гъэщIэгъуэн, теплъафIэ хъунымкIэ, абыхэм я тиражхэм хэгъэхъуэнымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм я гугъу щащIым, МухьэмэдКъБР-м и Iэтащхьэм щапхъэу къыхуихьащ ди гъунэгъу Осетие Ищхьэрэм урысибзэкIи я лъэпкъыбзэкIи къыщыдэкI газетхэр. Ахэр щхьэхъэпIэлъыкIэу традзэм и мызакъуэу, я щIэджыкIакIуэхэри куэд мэхъу.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Iуэхущ1афэхэми къытеувыIащ абы и тхьэмадэр. Жылагъуэ зэгухьэныгъэм и къалэнхэр тэмэму игъэзащIэн, Налшык Адыгэ Хасэм и лэжьыгъэр зэтраублажьи папщIэ зыхуей-зыхуэныкъуэхэми зыщигъэгъуэзащ щыналъэм и Унафэщым. ХьэфIыцIэм игу къеуэу къытеувыIащ Нэгумэ Шорэ и фэеплъыр КъБКъУ-м и Iэтъузблагъэм деж щыгъэуныным и гугъу ящI фIэкIа, псалъэм Iуэху къызэрыпымыувэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэр фIэгъэщIэгъуэну щIэупщIащ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд и Iуэхущ1афэхэм, къыдигъэкI тхыльхэм тригъэпсэлъыхьащ. Редактор нэхъыщхьэм КъБР-м и Унафэщым жриIащ «Черкеса» серием щыщу тхыльипщI къызэридигъэкIар, епщыкIуэнэри хьэзыр зэрыхъуар, «Адыгэхэр: дунейм щынэхъыжь дыдэ лъэпкъхэм ящыщ зы» фIэщыгъэм щIэт щIэнгъуазэ гъэщIэгъуэн мыгувэу дунейм къызэрытехьэнур, цIыху 1000-м я Iуэхущ1афэхэм тепсэлъыхь биобиблиографие псалъалъэри зэрагъэхьэзырыр.

КIуэкIуэ Казбек а псоми щыгуфIыкIащ, ХьэфIыцIэм къыхилъхьа жэрдэмыфIэхэр диIыгъащ, зи гугъу ящIа Iуэху зэфIэмыхьэхэм хэплъэну, Iэмал зэриIэкIэ закъыщIигъэкъуэну къыгъэгугъащ икIи Мухьэмэд «Шэрджэс хэхэсхэр» зыфIища и музейм щIилъхьэну саугъэткIи къыхуэупсащ.

ДЖАТЭ Къантемыр.

● Гъатхэпэм и 8-р балъкъэрхэр я лъахэм щрагъэкIа махуэщ

Сыхьэтитlт пIалъэу иратар

ЛIэщIыгъуэ куэд хъуауэ дэ, адыгэхэм, къыддэпсэу балъкъэрхэм я дежкIэ гъатхэпэм и 8-р тхыдэм нэщхъеягъуэ дыдэу хыхьащ.

1944 ГъЭМ а махуэм балъкъэрхэр я лъахэм ирагъэкIри Къыргъызым, Къэзахъстаным, Сыбырым ягъэIэпхъуащ. И щхьэусыгъуэу щытари нэмыцэхэм ди щIыналъэр щаубыдам бийхэм зэрадзэщарщ. Арщхьэкlэ иужькIэ сэтей къэхъуащ апхуэдэ зэрыщымыIар, ар икIи фIэщщIыгъуейт: зауэфыну балъкъэрхэр фронтым щыIэт, мыдрей лIыжьфызыжьхэм, сабийхэм зэрыпхъуакIуэхэм зыщIагъэкъуэфынутэкъым. Арщхьэкlэ мы Iуэхур, зэрыжаIэщи, ябэри ядыжакIэт. ИпIэуэкIэ мазаем и 23-м (гъэщIэгъуэнщ, ауэ щагъэIэпхъуэну зэманыр махуэшхуэхэм трагъахуэрт) я лъахэм ирашакIэт къэрэшейхэр, шэшэнхэр, ингушхэр. Иужькlэ абы-хэм кIэлъагъэкIуащ къалмыкъэри, кърым тэтэрхэри, тырку-месхетхэри. Зэрытлъагъущи, а лъэпкъхэм яхэтащ зи щIыналъэм нэмыцэ фашистхэр нэмысахэри. АтIэ дауэ зэрыпхъуакIуэхэм ахэр зэрадзэщIар? Абы и жэуапыр зэIубзу ятыфынутэкъым хьэкIэхъуэкIагъэ зыхэлъ мы Iуэхур езыхьэжьахэм.

ЯпэщIыкIэ ар хуабжу щIауфауэ щытащ. Мазаем и кIэхэм балъкъэр къуажэхэм дыхьащ совет зауэлIхэр зэрыс «Студебеккер» автомашинэхэр. ЖаIащ фронтым къыIуаша сэлэтхэм я узынщагъэр зэфIагъэувэжьну, ахэр жьы къабзэкIэ ягъэбэуэну хуейуэ. Гъатхэр пасэу ящIэрыкIуам къыхэкIыу, зи хэдэ тIэкIуэр зыгъэкъабзэ балъкъэрхэм ар я фIэщ хъуащ: зыми игу къэкIыртэкъым цIыху лажьэншэхэм лей кIэлъыззрахьэну. Шэч щащIар пщыхьэщхьэм цIыхухъуэхэр клубхэм щызэхуашэу нэху щыху щыщIагъэсам щыгъуэщ. Пщэдджыжьым псоми жраIащ гъэгу зэрытехьэнум зыхуагъэхьэзырыну. Сыхьэтитl къудей пIалъэу иратауэ аращ. Зауэ ткIийм унафэр текI имыIэу ягъэзащIэу иригъэса ди сэлэтхэри къыпхуэмыгъэшыну гущIэгъуншэт.

Арати, Iэкlэ къахуэщтэну тIэкIум фIэкIа ямыIыгъыу, лъэпкъ псор Налшык гъущI гъэгу станцым нагъэсащ. Абдежым къащыпэплъэрт Iэщ зэрызэрашэ вагонхэр зыпыщIа мафIэгухэр. Сабийхэм я мызакъуэу, лIыжьфызыжьхэри зэщIэгъуагэрт. Къапэплъэр жызыIэфын, зэрыгурыIуэгъуэщи, яхэттэкъым. Язныкъуэхэмяхуагъэфащэрт тенджызI Iуфэм яшэу псым ирагъэтхьэлэну. Арщхьэкlэ езышэжьахэр нэхъ «гущIэгъулыуэ» къыщIэкIащ: жащ-махуэ зыкъом дэкIа иужь балъкъэрхэр къыщыхутащ псэупIэу хухаха щыпIэщIэхэм.

Гъэугуанэ кIыхьыр икIи гугъур, щIыIэр яхуэмышэчу вагонхэм щыху куэд дыдэ илIыхьащ. Ауэ а псори бэлыхьхэм я щIэдзапIэ къудейт. Здэкlуа щыпIэхэм цIыхухэр нэбгъуэкIэ къыщепльырт. Ягъэлэжьну къыхаххэри нэхъ пIэрызехьэхэрт. Арщхьэкlэ балъкъэрхэр къздзыхакъым, ахэр сыт хуэдэ гугъуехьхэми къызэфIагъэщIакъым. ЗэдзIэпыкъурт, къаепсыха гуаузр зэдагъэвырт. Ауэрэ здаша щыпIэхэм хэзэгъащ: абыхэм щыпсэухэм къагурыIат къыхуаакIэр зэрыемыпщIыжакIуэхэр икIи лэжьакIуэшхуэхэу зэрыщытыр.

Яхэтlысхьа балъкъэр куэдым лэжьыгъэм фIыщIэшхуэ къыщахьащ, уеблэмэ, дамыгъэ пIалъэхэр къыщыхуагъэфащащ. Ики, псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, сыт хуэдэ щытыкIэ итами, зэи яфIэкIуэдакъым залымыгъэкIэ ирагъабгына я щIыналъэм къызэрагъэзэжнымрэ захуагъэр зэрызэфIэувэжнымрэ ятеухуауэ яхэлъ фIэщхъуныгъэр.

1956 гъэм КПСС-м и XX съездым иужькIэ гурыIуэгъуэ хъуащ балъкъэрхэм я гугъапIэр зэрымыжьэжыр. Мыгувэу къыдэкIащ «Къэбэрдей АССР-р Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-у зэхъуэкIыжыным теухуауэ» СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Указэр, нэгъуэщI унафэхэр. Балъкъэрхэр я лъахэм иззгъэжьныкIэ щIэгъэкъуэныщхуэ хъуащ адыгэхэр, урысхэр, ди республикэм щыпсэу нэгъуэщI лъэпкъхэм ящыщхэр. Лей зытехахэр хей щыжьыным ехьэлIа Iуэхур Iыхьэ-Iыхьэу гуэшауэ екIуэкIащ. Мы зэманым балъкъэрхэр ящыщщ нэхъ ефIакIуэ дыдэ лъэпкъхэм.

БАХЪСЭН Мухьэмэд.

Балъкъэрхэм я щыгъуэ махуэм теухуа тхыгъэхэм 5-нэ напэкIуэцIым фыкъыщеджэ.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Илъэс 13-м и бэлыхьхэр зыгъэвахэм ящыщщ мы сурэтым щыфIагъу балъкъэр тхакIуэхэр: Макитов Сэфар, Шахмурзаев Сэхьид, Отаров Керим, Отаров Сэхьид, Залиханов Жанакъаит сымэ. *1970 гъэ*

● Гъуазджэ

Акъсырэ МуІэед ягу къагъэкІыж



Ткаченкэ Андрей и цІэр зезыхьэ Сурэтыщі гъэзджэхэмкІэ музейм щагъэлъагъуэ КъБР-м щыхь зиІэ и сурэтыщі, Сурэтыщіхэм я урысей академием, Сурэтыщіхэм я дунейпсо федерацэм щыхь зиІэу хэта Акъсырэ МуІэед и лэжьыгъэхэр. Выставкэр къыдэгъэпэщащ художникыр къыдэзрагъэпэщащ щыхьхкІэ.

ЗЭРАГЪЭПЭЩЫЖУ къызэІуахьжа музейм и пэшхэр нэхъ хуит, екІу икІи нэху хъуами ярейуе, абы щагъэлъагъуэ сурэтхэм гухэхъуэгъуэ къуатырт.

Іуэхущ1апІэм и унафэщі **Рехмен Еленэ** сфІыщІэ яхуищ1ащ Акъсырэ МуІэед и къуэ Михаилрэ и нысэ Викториерэ, выставкэр къызэрагъэпэщыныжкІэ дэІэпыкъуэгъу къаэзрыхуэхъуам папщІэ.

- Акъсырэ МуІэед сцІыхуу щымытами, быдэу си фІэщ мэхъу ар щІыхуфІу эзрыщытар. Абы щыхьэт тохъуэ художникым къыщІэна лэжьыгъэ купщІафІэхэр, щІыуэпсым и дахагъэр къыпхуэмыІуэтэну къыщІигъэлъагъуа и сурэт телъыджэхэр, и лъэпкъым къыдекІуэкІ хабзэ дахэхэр къызэрыщІэр, - жиІащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэІуихым.

КъБР-м и Сурэтыщіхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Темыркъан Геннадий** игу къигъэкІыжащ я Іуэхущ1апІэр къыщызэІуахагъащІэм ялэу хьхьаХэм Акъсырэр зэращыщыр икІи абы и зыужьныныгъэм хэлъхьэныгъэфхэр зэрыхуищІар, МуІэед и Іэдакъэ къыщІэкІа сурэтхэр нэгъуэщІхэм къаззрыхэпцІыхухкІ хъэтІ, плъыфэ зэхэлъхьэкІэ зэриІар икІи си лэжьыгъуэр, си щІыналъэр фІыуэ зыльагъу цІыхуу ар игу къызэринэжар.

Акъсырэ Викторие фІыщІэ яхуищ1ащ музейм и лэжьакІуэхэм, выставкэм зыкъзрезыгъэхьэлІа министрым, МуІэед и творчествэр, къыщІэна лэжьыгъэхэр фІыуэ зыльагъуэхэм.

Музейм и выставкэ къудамэм и унафэщІ **Леонтьевэ Нинэ** къыхигъэщащ Акъсырэ МуІэед Къэбэрдей-Балъкъэрыр, езыр къыщалъхуа Псыгуэнсу къуажэр фІыуэ ильагъуу зэрыщытар, республикэм и щІыуэпсым и дахагъэр къызэрыщІэлажьэгъэ куэд и Іэдакъэ къыпхуэмыІуэтэнкІэ, и сурэтхэм щІыхуэхр елпъыку абы и фэеплъыр зэращымыгъупщэжу.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Сабийхэращ Іуэхущ1апІэм щынэхъыщхьэр

● Гулъытэ

ЩІэблэм яхэтлъхьэ гъэсэныгъэр зыкъомкІэ елъытащ хэхауэ я гупсысэрэ зэфІэкІрэ зэрызрагъэужь Іэмалхэм. Сабий садымрэ пэщІэдзэ еджапІэмрэ нэмыщІ, цІыкІухэм папщІэ щыІэщ гъащІэм и лъэныкъуэ куэдым щыхуагъасэ, щыхурагъаджэ Іуэхущ1апІэхэр. Сабийр дэзыхьэх унэтІныныгъэм абыхэм зыщрагъужь.

НАЛШЫК къалэ дэт апхуэдэ Іуэхущ1апІэхэм ящыщщ «Сабий, ныбжьыщІэ творчествэм зыщрагъужь центрыр». Абы и унафэщІ Хъурсин Аскэр. Центрым щыІэщ сабий, ныбжьыщІэ гуп 59-рэ. Абыхэм яІэщ художественнэ, техникэ, физическэ щэнхабзэ-спорт, щІэныгъэ, гуманитар унэтІныныгъэхэр. Іуэхущ1апІэм къегъэщІылІауэ мэлажьэ «Нарат», «Эдельвейс» ныбжьыщІэ клубхэр. Ядолажьэ Налшык щыІэ 17-нэ, 21-нэ, 23-нэ школхэм, 4-нэ гимназием. Іуэхущ1апІэм къыдэзыщІылІащ «Урысей школакІуэ жьыдэрхэр» Іэнатіэм и щІыналъэ къудамэр, волонтёрхэр щагъасэ щІыпІэр, Щ1алэгъуалэр хэкуп сэу гъэсэныкІэ, дзэ къулыкъым хуэгъэзыпныкІэ центрыр, «Лидер» къалэ клубыр.

Я Іэщ1агъэм щІэщыгъуагъ хэзыІутхьэхэщ центрым и лэжьакІуэхэр. Дэтхэнэми ещІэ - Іуэхущ1апІэм щынэхъыщхьэр сабийрэ. Абы и зэфІэкІым хэгъэхъуэн, и гупсысэм зегъэужьын, унэтІын - аращ гъэскалІуэхэм я къалэн нэхъыщхьэр. Ахэр илъэс хъурейм мэлажьэ, зыгъэпсэкІуэр махуэхэмэ я Іуэхур зыпылурхьым: конференцэхэр, зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэр, махуэшхуэхэм ехьэлІа зэхьэзэхуэхэр къыщыізэрагъэпэщ.

Центрым пщІэнэзу щадоІэпыкъу ныкъуэдыкъуагъ зиІэ сабийхэм, апхуэдэуи, щхьэхуэу къыдэлажьэнымкІэ сертификат зиІэхэм.

Іуэхущ1апІэр республикэм и сабийхэм папщІэ зэІухах. https://dsdut.edu07.ru/ сайтымрэ @gsdut инстаграм напэкІуэцІымрэ абы теухуауэ гъэщІэгъуэн куэдым ущепльхьунущ.

НАФІЭДЗ Данэ.

● Ди псэлъэгъуэхэр

СОКЪУР Алим: Къуажэр къэгъэщІэрэщІэжьным и къалэн нэхъыщхьэр зыбгъэдэлъыр ипотекэрщ

«Мэкъумэшбанкым» и къуажэ ипотекэ программэм хуабжьу къызэщІигъэІуащ рынокыр. ИкъутКІ процент ставкэ мащІэм (2,7%-рэ), псэупІэр къыщыхэпхыну щІыналъэм и инагъым, пэщІэдзэу хэлъхьэн хуейр процентэ 10-м къызэрыщыщІидзэм и фІыгъэкІэ унэ е фэтэр къэпщэхуну, пэж быдэу, куэдкІэ нэхъ тынш ищІащ. Дяпэкіэ, худэчыс зиІэ ставкэмкІэ нэгъуэщІ банкхэм къыщыпщта кредитыр «Мэкъумэшбанкым» ипшынэжьфынущ (рефинансирование ищІынущ). Къуажэ ипотекэ программэм къриКІуахэм, щІэуэ халъхьэнуэкъмрэ дяпэкІэ зэрыщыгугъэхэм теухуауэ дэ депсэпъыхІащ «Мэкъумэшбанк» АО-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ къудамэм и унафэщІ Сокъур Алим.

- Алим, ди щІыналъэм щыпсэухэм я дежкІэ къуажэ ипотекэм хуэІэ щІэупщІэр хэхъуэ зэпытщ. Сыт абы и щэхур?

- ЩІэху нэхъыщхьэр - тыншыгъуэмрэ фІагъымрэщ. Дэтхэнэ унагъуэми, гува-щІэхами псэупІэ Іуэхур къыщІэтын хуей мэхъу, илъэсым хуэзэу проценти 2,7-рэ фІэкІа зытемыхьэ Іуэхутхьэбзэм а Іуэхур зэфІех финанс щыпсыкІэ гугъу я пщэм къыдимыгъахуэу. Псом хэмыдэу, къуажэ ипотекэр сэбэп яхуэхъунущ унагъуэщІэхэм. Апхуэдэхэм, зэрыхабзэщи, мылъку гъэтІылъыгъэшхуэхэр яІэкъым икІи ялэ псэупІэкІэ къызэпэщыхьей хуейщ. Абыхэм, адрейхэми хуэдэу, къуажэ ипотекэм и фІыгъэкІэ, илъэс бжыгъэкІэ мылъку зэхуэахъэсхэм хуейкъым, фэтэрыпщІэ ятурэ, атІэ «мыбдеж, иджыпсту» езым я псэупІэ зрагъэпэщыжьыфыну Іэмал ягъуэт. Къыхэдгъэщыщ, пэщІэдзэу халъхьэным пэкІуэу анэ (унагъуэ) капиталыр къагъэсэбэп хъунущ, ари зы щІэгъэкъуэныжьхэр унагъуэщІэм и дежкІэ. Къуажэ ипотекэ программэр къзэрыгъэсэбэпахэм я процент 45-р унагъуэщІэхэщ. Псори зэхэту я псэупІэ щытыкІэр ирагъэфІэкІуэныжьмкІэ дэдэІэпыкъуэщ унагъуэ 225-м, сом мелуан 491-кІэ.

«Мэкъумэшбанкым» худэчыс зиІэ и ипотекэ Іуэхутхьэбзэм къызэщІеуфыдэ ди щІыналъэм и жылагъуэ псори (Налшыкрэ Налшык и административнэ центрым хьыхьэ Іэдикху, Белэ Речкэ, Кэнжэ, Хьэсэней къуажэхэм, Прохладнэ, Нарткъалэ, Бахъсэн къалэхэм къищынэмыщІауэ). Нэхъыбэу Іуэхутхьэбзэкэр къзэрыгъэсэбэпахэм ящыщщ Тэрч, Шэджэм, Аруан щІыналъэхэр.

- Дызытепсэлъыхь программэм нэгъуэщІ кредитхэр ирипщынэжьфынущ жаІэ. Ар даІэ зэрылажьэр?

- Къуажэ ипотекэр - жылагъуэм хуэгъэза Іэхутхьэбзэщ, иджы ар къэбгъэсэбэп хъунущ уи кредит хьэлъэр нэхъ мащІэ ирипщІу унагъуэ бюджетыр нэхъ хъума хъун папщІэ. Унэ пщІыну «къызэрыгуэкІ» процент ставкэмкІэ кредит къэпщтамэ, иджы ар процентэ 2,7-рэ фІэкІа темыхьэу уплыныжьыну Іэмал къыпхуэхъуэкІащ. Іэмалхэр тынш дыдэщ: псэупІэр хиубыдэн хуейщ къуажэ ипотекэр щылажьэ жылагъуэхэм, кредитыр Мэкъумэш хазэйствэмкІэ министерствэм къыгъэлъэгъуа банкхэм языхэзым мы гъэм къыщащтауэ щытыпхъэщ. Дауи, ар екъэлІащ фэтэр къуажэхэм къыщащэхун папщІэ кредит къзэрыщтахэми.

- Къуажэ ипотекэм щІыхубэм и дежкІэ сыт хуэдэ мыхьэнэ иІэ?

- Тхьидэм къызэрыхэщыжьымкІэ, производствэр, техникэр, щІэныгъэр ипэкІэ кІуэтэхукІэ къалэхэм зыужьныныгъэ ягъуэтащ, къуажэдэсхэр къалэхэм Іэпхъуащ. ЩІалэгъуалэр къуажэхэм къыщІыдакІа щхьэусыгъуэхэм ящыщщ къару зытрагъэкІуадэ лэжьыгъэр акъылкІэ яхъуэжьну, щІэныгъэ зрагъэгъуэтрэ лэжьапІэ уВыну зэрыхуІэкъур. Ауэ, зыужьныныгъэр здынэсаращи, къалэ тыншыгъуэхэмрэ лэжьыгъэмрэ пфІэмыкІуэду къуажэм бгъэзэжыну Іэмал щыІэ хъуащ. Интернетымрэ инфраструктурэ зыужьныныгъэмрэ я фІыгъэкІэ Іэщ1агъэ зэмылІэужьыгъуэм пэрытхэм Іэмал ягъуэтащ къуажэм щыпсэуну икІи щылэжьэну. Мэкъумэш хозяйствэм, псом хуэмыдэу, техникэ базэр егъэфІакІуэным и зыужьныныгъэм къыдэкІуащ лэжьыгъэм и зы Іыхьэр машинэм игъэзэщІэнр.

А псом къыдэкІуэу, къуажэдэсхэм Іэмал къахъухьащ я лэжьыгъэм зрагъэубгъуну - псалъэм папщІэ, фермэ хозяйствэм мастер-класхэр, зыплъыхьакІуэхэр къыщызэрагъэпэщ хъунущ. Къуажэ ипотекэм къалэдэсхэм я деж щІэупщІэ зэрыщиІэр къегъэлъагъуэ дэ ди кІэлъыплъныныгъэхэми: Іуэхутхьэбзэр къзэрыгъэсэпэпа дэтхэнэ епІланэри къалэм щопсэу.

Къуажэр зыужьныныгъэщІэ лъэхъэнэм щыхуэкІуэ лІэщІыгъуэм дыщопсэу. Абыкіэ мыхьэнэзшхуэ къызылъысхэм ящыщщ къуажэ ипотекэр. КІэщІу жыпІэмэ, зэманым къигъэувым ар докІу.

ИльэсищэкІэ уэзІэбэкІыжмэ, РСФСР-м и цІыху мелуан 80-м щІигъу къуажэм щыпсэуащ. Дауи, зыми къигъэувкъым иджы абы дыхуэхІэужьын хуейуэ. Ауэ къуажэдэсхэм я бжыгъэр процент 25-м къемыкІу, агропромышленностымрэ къэралымрэ ипэкІэ зыигъэкІуатэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэ Іэщ1агъэлІэр къеШэлІапхъэщ. Дэ, мэкъумэш комплексыр тегъэщІапІэ зыхуэхъу бжьыкым, щІыналъэхэм нэхъ зыщІэзыужьам, ди гуапэщ а унэтІныныгъэм жыджэру дыхэтыну.

КЪЭХЪУН Бэч.

● Алыдж-уэрым бэнэкІэ

Медаль зэмылІэужьыгъуитІ

Омск къалэм дэт «Академия велоспорта» Олимп резервым и спорт школым щекІуэкІащ Урысейм щІыхь зиІэ и тренер Крикухэ Юрий и фэеплъ алыдж-урым бэнэкІэмкІэ урысейпсо зэхьэзэхуэ. Я ныбжьыр илъэс 18-м нэблагъэу къэралым и щІыналъэ 55-м къикІауэ абы хэтащ спортсмен 450-рэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и бэнакІуэхэм зэпеуэм медалитІ къыщахьащ. Зи хьэлъагъэр килограмм 48-м нэблагъэхэм я зэхьэзэхуэм фІы дыдэу зыкъыщыізэгъэлъагъуа Тэркъан Бэкъэф кІэух зэІуащІэм щыхигъэщІащ Мэзкуу и цІэкІэ банэ Исаев Тимур икІи дыщэ медалыр зыІэригъэхьащ.

Килограмм 45-м нэблагъэхэм я деж финал ныкъуэ зэІуущІэм иужькІэ чемпион хъуа мэзкуудэс Юсупов Хьэмид къыхигъэщІа Локьяев Руслан финал мащІэм щытекІуащ Рязань областым къикІа Тишкин Владимир икІи домбеякъ медалыр къыпльысащ.

Спортсменхэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ КІыщ Мурат, Тумэ Джамболэт, Балаев Алим, Локьяев Юрий сымэ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Гу зылъытапхъэ

ЦІыхухэр кърагъэблагъэ

КъБР-м и прокурор **Хабаров Николайрэ** ХьэрычэтыщІэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэныжьмкІэ уполномоченнэу КъБР-м щыІэ **Афащіыж Юрийрэ** 2021 гъэм гъатхэпэм и 15-м сыхьэт 11-м къыщыщІэдзауэ сыхьэт 13 пщІондэ цІыхухэм яІуащІэнуц хьэрычэт Іэнатіэ мащІэмрэ курытымрэ щылажьэхэм я сэбэп зыхэлъхэр къащхьэщыжьыным теухуа Іуэхуэкмкіэ. ЦІыхухэм щахуэзэнэр «Къэбэрдей-Балъкъэр бизнес-инкубатор» къэралІэзэонэ Іуэхущ1апІэрщ. Абы и хэщІапІэр: *Налшык къалэ, Циолковскэм и цІэр зезыхьэ уэрам, 7-нэ унэ (Кировым и цІэр зезыхьэ уэрамым хуэзэ дыхьэпІэрщ, «Дея» тыкуэнышхуэм пэмыжьжьэу).*

Къулыкъущ1эхэм Іуэхукіэ захуэзыгъэзэну хуейкэм нэхъ пасэу зрагъэтхын хуейщ мы телефонымкІэ: 8 (8662) 40-20-48.

КъБР-м ЦІыхухэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм, КъБКъУ-м, Гуманитар къхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, «Адыгэ псалъэ» газетым я лэжьакІуэхэм гущІыхьэ ящыхъащ тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат, Гуманитар къхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым курыт лІэщІыгъуэхэмрэ иджырей тхыдэмкІэ и къудамэм и щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыжь **Бэрэздж Барэсбий Нажмудин и къуэр** дунейм зэрехьэжар икІи абы и Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яхуогъаз.

Мы махуэхэм

Гъатхэпэм и 6, *щІэбэт*

♦Дзэ дохутырым и дунейпсо махуэщ

♦Глаукомэ нэ узыфэм ебэныным и дунейпсо махуэщ

♦Австралием Лэжьыгъэм и махуэр щагъэлъапІэ

♦1722 гъэм Пётр Езанэм Урысей къэралыгъуэм члисэхэр щыуэзныным, ахэр зыхуей-зыхуэныкъуэхэр къахуэгъэпэщыным трагъэкІуэдэн папщІэ ахъшэ къыхахыу мыдэным теухуа унафэм Іэ щІидзащ.

♦1899 гъэм Германием щыщ химик Хоффман Феликс аспирин хущхъуэр зэрызэхилъхьам щыхьэт техьуэ патент къратащ. Нобэми цІыхум нэхъыбэ дыдэрэ къигъэсэбэп хущхъуэхэм ящыщщ ар.

♦1902 гъэм «Реал» (Мадрид) футбол клубыр къызэрагъэпэщащ. Испаниемрэ мызакъуэу, дуней псом щынэхъ цІэрыІуэ дыдэ командэхэм ящыщщ ар.

♦1925 гъэм «Пионерская правда» газетым и ялэ номерыр къыдэкІащ.

♦Узбекистаным и цІыхубэ усакІуэ, драматург **Ниязи Хамза Хакимзаде** къызэралъхуэр илъэси 132-рэ ирокъу.

♦Авиацэм и маршал, Совет Союзым щэнейрэ и ЛІыхъужь **Покрышкин Александр** къызэралъхуэр илъэси 108-рэ ирокъу.

♦Абхъаз тхакІуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Искандер Фазиль** къызэралъхуэр илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Урыс тхакІуэ-сатирик, Украинэмрэ УФ-мрэ я цІыхубэ артист **Жваненцкий Михаил** къызэралъхуэр илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Дунейм щыяпэ цІыхубэ-космонавт, Совет Союзым и ЛІыхъужь **Терешковэ Валентинэ** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Уэрэджы1акІуэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артистэ **Булановэ Татьянэ** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокъу.

♦США-м щыщ баскетболистыІэрыІуэ, дунеймы Олимп Джэгуэхэм я чемпион, НБА-м пІэнэйрэ и чемпион **О'Нил Шакил Рашоун** и ныбжьыр илъэс 49-рэ ирокъу.

♦КъШР-м щІыхь зиІэ и журналист, Къэрэшей-Шэрджэсым къыщыдэкІ «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщІхьэм и къуэдзэ **Ёзауэ Маринэ** къыщІалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 16, жащым градуси 2 - 5 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 7, *тхьэмахуэ*

♦Албанием щагъэлъапІэ Егъэджакіуэм и махуэр

♦321 гъэм урым император Константин Щэджащэм тхьэмахуэ махуэм цІыхухэм загъэпсэхун хуейуэ игъэващ.

♦1573 гъэм Фёдоров Иван Львов къалэм типографие къыщызэригъэпэщащ.

♦1876 гъэм Шотландием щыщ къзхутакІуэ, щІэныгъэлІ, США-м щыпсэуа **Белл Александр** телефон къызэригупсысам щыхьэт техьуэ тхылъ кратащ.

♦1912 гъэм Норвегием щыщ зыплъыхьакІуэ **Амундсен Руаль** Ипщэ полюсыр къызэІуихащ.

♦1920 гъэм Сирием и лъэпкъ конгрессым унафэ кІиящащ я къэралыр зэрыщхьэхуитым, ар зыми и бжьым зэрыщІэмытым теухуауэ.

♦1943 гъэм Сталин Иосиф Совет Союзым и Маршал цІэр фІащащ.

♦1944 гъэм ЗыхъумэжьныгъэмкІэ къэрал комитетым и Унафэщі Сталин Иосиф Молотовым и цІэкІэ щыІэ колхозым и парт организацэм и секретарь **Къашыргъэ Хьэпащіэ** фІыщІэ къыхуищІат Дзэ Плъыжьым зэрызыщІагъэкъуам папщІэ.

♦1960 гъэм Куба къуажэм щыщ жэмыш **Пащты Салимэ** Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь цІэр къыфІащащ.

♦1960 гъэм СССР-м къыщызэрагъэпэщащ космонавтхэм я ялэ гупыр. Абы хагъэхьат дзэм къулыкъу щыщыщІэ къхъулъатэхуэ нэхъ Іэзэхэм ящыщу цІыху 20.

♦1967 гъэм КПСС-м и ЦК-м, СССР-м и Министрэм я Советым, ВЦСПС-м унафэ къащтащ къралым и цІыхуэху Іэнатіэ Іутхэр махуитхукІэ лажьэрэ махуитКІэ загъэпсэхуу щытыным теухуауэ.

♦2014 гъэм Сочэ къыщызэІуахащ XI Паралимп ЩІымахуэ Джэгуэр. Ахэр гъатхэпэм и 16 пщІондэ екІуэкІащ.

♦Адыгэ тхакІуэ, усакІуэ, зэдзэкІакІуэ **Жанэ Кірымызэ** къызэралъхуэр илъэси 102-рэ ирокъу.

♦Космонавт, жылагъуэ лэжьакІуэ, Совет Союзым и ЛІыхъужь **Савиных Виктор** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Актёр цІэрыІуэ, режиссёр, уэрэджы1акІуэ, РСФСР-м и цІыхубэ артист **Миронов Андрей** къызэралъхуэр илъэс 80 ирокъу.

♦Урысей теннисист, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, Дунейпсо олимп комитетым хэт **Тарпищев Шамиль** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, плъыпІалъэкІэрэ уэс къыщесынущ. ЩІылІэр махуэм градуси 3 - 1, жэщым градуси 10 - 9 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 8, *блыщхьэ*

♦ЦІыхубзхэм я дунейпсо махуэщ. 1910 гъэм Социалистическэ Интернационалым Копенгаген (Дание) унафэ къыщищащ гъатхэпэм и 8-р ЦІыхубзхэм я дунейпсо махуэу къэпльытэным теухуауэ. 1965 гъэм ар мылэжьэгъуэ махуэу ягъэувауэ щытащ.

♦Сирием и Революцэм и махуэщ

♦ЖьэжьейМ и дунейпсо махуэщ

♦1722 гъэм Пётр Езанэм унафэ ищІащ Урысейр нэхъапэм зиужь имыта Іуэхум - дуней щІыпІэм кІэлъыплъыным, абы зэрызихъэжьр тхыным - елэжьын Іуэхущ1апІэ къызэрагъэпэщыну.

♦1728 гъэм Москва щызэхэтащ Пётр ЕтІуанэм пащтыхь зэрыхъуам ехьэлІа дауэдапщэхэр.

♦1914 гъэм «Работница» журналым и ялэ номерыр къыдэкІащ.

♦1923 гъэм «Адыгэ макъ» (Адыгэ Республикэ) газетым и ялэ номерыр къыдэкІащ.

♦1936 гъэм Налшык къыщызэІуахащ Кировым и цІэр зезыхьэ санаторэр.

♦1940 гъэм Перм ыкІи ялэм и цІэр Молотов жиІэу зэрахъуэкІат, СССР-м и ЦІыхубэ Комиссархэм я Советым и унафэщІ **Молотов Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 50 зэрырикъум и саулыкъуКІэ. 1957 гъэм къалэм нэхъапэм иІа Пермь цІэр фІащыжьауэ щытащ.

♦1944 гъэм СССР-м ЗыхъумэжьныгъэмкІэ и къэрал комитетым 1944 гъэм гъатхэпэм и 5-м къищта унафэ №5309сс-м ипкъ иткІэ балъкъэр лъэпкъыр Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м ирашащ.

♦1950 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Унафэщі Ворошилов Климент хэІущІыІу ищІащ къэралым атомнэ бомбэ зэриІэм теухуа хъыбарыр.

♦Польшэм щыщ тхакІуэ, щІэныгъэлІ, ди щІыналъэм зыплъыхьакІуэ къалІуэу адыгэхэм я псэукІэм теухуауэ ильагъуахэр зытхыжа, сурэтхэр зыщІа **Потоцкий Ян** къызэралъхуэр илъэс 260-рэ ирокъу.

♦Таурыхъ телъыджэ куэд тезыха совет кинорежиссёр, РСФСР-м и цІыхубэ артист **Роу Александр** къызэралъхуэр илъэси 115-рэ ирокъу.

♦УФ-м щІыхь зиІэ и артистэ, КъБР-м и цІыхубэ артистэ **Сибэч Быхуэ** къызэралъхуэр илъэси 103-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, режиссёр, СССР-м и цІыхубэ артист **Матвеев Евгений** къызэралъхуэр илъэс 99-рэ ирокъу.

♦ЛІъэрыжэкІэ къызэдэжэн спорт лІэужьыгъуэм и тхьдэм къыщыцІыхьауэ Олимп Джэгуэм хэнейрэ щытекІуа **Скобликова Лидие** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Арэшыкъуэ Виктор** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **Къаскъуэ Мусэбий** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, Адыгэ къэрал университетым и профессор, ЩІДАА-м и академик **Унэрокъуэ Раисэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 3, жэщым щІылэр градуси 8 - 7 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 9, *гъубж*

♦Ливаным егъэджакІуэм и махуэр щагъэлъапІэ

♦1918 гъэм нэгъуэщІ къэралыдзэхэр Совет Урысейм къытеуащ.

♦Флоренцием щыщ хьдзэлІ цІэрыІуэ, Америкэр зэрыщыІэр къэзыхута икІи зи цІэр а къэралыгъуэм зэрихьэ **Веспуччи Америго** къызэралъхуэр илъэс 567-рэ ирокъу.

♦Урысей дзэ къулыкъущІэ, контр-адмирал **Черкасский Михаил** къызэралъхуэр илъэси 139-рэ ирокъу.

♦Украинэм щыщ усакІуэ, сурэтыщІ **Шевченкэ Тарас** къызэралъхуэр илъэс 207-рэ ирокъу.

♦Совет къэрал къулыкъущІэ, социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Молотов Вячеслав** къызэралъхуэр илъэси 131-рэ ирокъу.

♦ЩІым и ялэ космонавт, Совет Союзым и ЛІыхъужь **Гагарин Юрий** къызэралъхуэр илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Актёр цІэрыІуэ, режиссёр, СССР-м и цІыхубэ артист **Волонтир Михай** къызэралъхуэр илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Уэрэджы1акІуэ, актрисэ, РСФСР-м и цІыхубэ артистэ **Голубкинэ Ларисэ** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Дунейм шахматхэмкІэ и чемпион **Фишер Роберт Джеймс** къызэралъхуэр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦КъэфакІуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артистэ **Къарэжь Людмилэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦СССР-ми Европэми стІолыщхъэ теннисыкІэ я чемпионкэ, КъБР-м физкультурэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Батыр ФатІимэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Егоровэ Татьянэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Балетмейстер, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Тхьэмокъуэ Мартин** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3 - 4, жэщым щІылэр градуси 3 - 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Быныр гъэсамэ, зыпІар епІыж.

1944 Къремыхъуж апхэдэ зэи 2021

Байсултанов Алим

Беппаев Суфьян

Энеев Тимур

Кучуков Магомед

Байчекуев Абидин

★★★

1944 ГЪЭМ и гъатхэпэм и 8-р балъкъэр лъэпкъым и махуэ мыгъэуц. Абы щыгъуэм ЗыхъумэжыныгъэмкІэ къэрал комитетым и унафэкІэ балъкъэрхэр залымыгъэкІэ хэкум ирашри. Къыргъызым, Къэзахстаным ягъэІэпхъуауэ щытащ. Апхуэдэ Іуэху гуауэр зэфІэгъэкІыным къыхашат генералитху, къэрал шынагъуэншагъэм и комиссариІ, щІыху мин 21-рэ зыхэт НКВД - НКГБ-м и гупышхуэ. Ар зраутІыпщар ягъэІэпхъуэ щІыхуэ мин 38-рт, нэгъуэщІу жыпІэмэ, зы сэлэт е зы офицер щІыхубзитІым е сабитІым хуэзэт. А сэлэтхэм я нэхъыбэр хэтат къэрэшёхэр, кІалмыкъхэр, щэшэнхэр, ингушхэр щыдашми. Балъкъэрхэр я хэкум игъэкІын Іуэхур и пщэ далъхьат генерал-майор Пилишев И., абы и къуэдзэт генерал-майор Сладкевич М., щІыпІэ наркомхэу Бзиавэ К., Филатов С. сымэ, а псоми я щхьэ къытетыжьыр СССР-м къэрал кІуэцІ ІуэхуэмкІэ и нарком Берие Лаврентийт.

ЛЪАХЭР ирагъэбгынэрт лъэпкъым щыщ псоми - Хэку зауэшхуэм хэтахэми, ныкъуэдыкъуэхэми, адэанэхэми, фронтым Іутхэм я щхьэгъусэхэми, сабийхэми, депутатхэми. Абыхэм къащтэну хуит ящІыр гъэмылэ тІэкІуэр Іэкіэ яхуэІыгьыну мылькумрэт. Загъэхьэзырыныр дакъикьэ 20 - 30 ирату арат.

Гъатхэпэм и 9-м Азие Курытымрэ Къэзахстаным ирагъэшат цІыху 37713-рэ, нэхъыбэр сабий, цІыхубз, лІыжьхэрт. Къэралым и европей лъэныкъуэмкІэ ирашахэри хэтмэ, балъкъэр 38053-рэ я хэкум ирагъэпхъуэкІащ.

Кавказымрэ Кърымымрэ я цІыхуэхэр залымыгъэкІэ хэкум щІрагъэІэпхъуэкІым щхьэусыгІуэ хуэхъуар СССР-м и ипщэ лъэныкъуэм зауэ щегъэкІуэкІыным властым зыхигъахьэзэрыркІэ зэрыхъунурт. Хэку зауэшхуэм текІуэныгъэ къыщиихьмэ, Сталиным и мурадт тенджызэ ФІыцІэ Іуфэм зэхъуэкІыныгъэхэр щиригъэкІуэкІыну, 1921 гъэм Тыркум хуит хуищІа Армениемрэ Курж-жмрэ зыІэрифэхъэжыну. Абы ипкъ иткІэ, лъэпкъкІэ, динкІэ, бзэкІэ тыркухэм ялъэпхъунэгъу лъэпкъхэр СССР-м и ипщэ лъэныкъуэмкІэ щысыныр фейдэтэкъым.

Балъкъэрхэр я хэкум ирагъэІэпхъуэкІын хуей щІэхъуам и щхьэусыгІуэ гъуэхэм я щыщыщ парт Іуэхущіапіэхэм, КъБАССР-м и НКВД - НКГБ Іэнатіэхэм бгыпхъэ щІыпІэхэм щІэпхъэкІыным хуей щІэхъуам и щхьэусыгІуэ щыетауэ жаІэу ягъэхъэзыра тхьылъымпІэ нэпцІхэр. Ауэ щыхъуэкІи, абыхэм ябзыщІащ балъкъэрхэр хахуэу Хэку зауэшхуэм зэрыхэтыр. Ахэр лъахэм игъэІэпхъуэкІыным теухуа унафэм лъабжьэ хуэхъуащ Шэрэдж ауэм къыщыхьуэ Іуэрыгъуэр. 1942 гъэм щэкІуэгъуэм и 27-м щегъэжьауэ дыгъэгъаззэм и 5 пщІондэ, щІэпхъаджащІэхэм ебэныныр я щхьэусыгІуэуэ, къэрал кІуэцІ сэлэт 900 зыхэт отрядым зыкІи мыкъуанэзэ жьлэдзэ 700 (абы хэтт зи ныбжьыр илъэс 16-м нэмыса сабии 155-рэ) яуклащ икІи уиэ 519-рэ ягъэсащ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэмыцэхэм къызэрыЗэщІахьижу, НКВД-м и отрядым зэхищІыхьа хьэкІэжъуэкІагъэр нэмыцэ зэрыпхъуэкІуэхэмрэ абыхэм ядэІэпхъуэхэмрэ я Іэрыкіыу къэщІрагъэдзащ.

Цыхуэхэм я хэкур егъэбгынэнырт, лъэпкъ псор и щІынальэм ихуныр Сталиным и Низыныншэу екІуэкІыртэкъым. Абы и санкцІэ кІудейм, къэрал унафэ къамыщтэ щІыкІэ, хуит ищІат балъкъэрхэр залымыгъэкІэ ирагъэІэпхъуэкІыну. Автономиехэр ягъэмэщІэн мурадкІэ, балъкъэрхэр Къыргъызымрэ Къэзахстаныгъэ зэрыпхъ

● Тхыдэ

Гъуджэ пэлъытэ

Пасэрейм жиІащ: «Унэм зыщыгъаси, хасэм кІуэ». Нартхэм я хасэ лъандэрэ адыгэхэм къадогъуэгурыкІуэ а псалъэжьыр. Мыри жиІащ пасэрейм: «Гупсыси, псалъэ. Зыплъыхьи, тІыс». Хасэм яхьихьэ нарт щауэр зэрагъэІущ псалъэщ ар.

Зекіуэ ежьэ нартым жраІэ: «ПащІэгъэлыгъуэ джэгу хэлъкъым». Гъэгу утехьэу Іэщэ къыщиупхакІэ, уи щхьэр щыхэплъхьи къэхъунщ жыхуиІащ...

Апхуэдэ псалъэ Іущ куэд къызэринэкІащ пасэрейм. ПІэщІыгъуэ кІыхьхэм я акъылрэ я щІэныгъэрэ къызэщІакъуаэу ди деж къэсащ пасэрейм къызэринэкІа псалъэ Іущхэр. Ныбжьыщхъэ зэраІэм, губзыгъагъэ зэраІуатэм, щІэблэ Іэджэм зэрызэІэпахам и хьэтыркІэ абыхэм псалъэжькІэ еджэ хъуащ. Псалъэжьым нэхъ псэ быдэ щыбгъуэтынкъым Іуэрыіуатэм, ар ди япэ итахэм нобэрей щІэблэм къыхуагъэна уэсрэ пэлъытэщ, и къарур мыкІуэщІауэ, и лъымрэ и Іэпкъльэпкъымрэ мыупщІыІуауэ ди зэманым къэсауэ. Псалъэжьым ди деж къихьэсащ цІыхум и дуней епльыкІэмрэ и гупсысэмрэ, аращ абы и къалэн нэхъыщхьэр - дуней зыльэгъуа, гъащІэм и Іэфіи и дыджи зыгъэва цІыхум и акъылымрэ и щІэныгъэмрэ щІэблэхэм яхуэхъумэн. ЛІыгъэм щІапІыкІа, абы и уасэр зыщІэ цІыхуц щІэблэм мыпхуэдэ псалъэ къыхуэзыгъэнэфынкІэ хъуну щытар: «ЛІыгъэр Іыхьэ мыгугъэшц», «ЛІы и псалъэ епцІыжыркъыи», «ЛІыхъужь и джатэ бзэщъхуркъым», «ЛІыгъэ зиІэр мазэхэм мэгушхуэри, лІыгъэншэр маззгъуэм мэщыпнэ», «ЛІыгъэм Іэщэр хуэжьІэщІэщ», «Іэщэ зыгъэдалъэм ипЕ япэ мажэ».

Пасэрейхэм къызэранэкІа псалъэжьхэм уригъуаэзмэ, гу лъыботэ адыгэхэм лІыгъэм, цІыхугъэм, захуагъэм, пэжыгъэм, ныбжьэгъуэм пащІ зэрыщымыІам, щІэблэр апхуэдэ хъугъуэфІыгъуэхэм щІагъэджыкІ зэпытурэ къызэрыгъуэгурыкІуам. Хабзэр псом япэ изыгъэща лъэпкъым и щІэблэм къыхуигъэнащ мыпхуэдэ псалъэхэр: «Хабзэр бзэгупэкІэ къахьыркъым», «Хабзэр убзэ зыфІэщІым хуэпщІэнум и ныкъуэ къеГанэ», «ЖьантІэм ущІэмыкъу - пхуэфащэмэ, къыплъысынщ».

Гупсысэм и лъащІэкІэ еджэ хабзэщ псалъэжьым. Абы шэч хэлъкъым. Псалъэжьым иІуатэ гупсысэр зы цІыхум е цІыху гупым, зы хьэблэм е зы жьилэм, зы гъэм е зы лІэщІыгъуэм я акъылкъым. Ар зэман кІыхькІэ зэфІоувэ, лъэпкъ псом я акъылымрэ я щІэныгъэмрэ къызэщІекъуэ. Абы щыхьэт техъуэфынущ дэтхэнэ адыгэ псалъэжьри.

Техъуэфынущ, псалъэм папщІэ, «Дунейр шэрхъщи, мэкІэрахъуэ» псалъэжьыр. ЛІэщІыгъуэ кІыхь Іэджэм япсыхьащ а псалъэжьыр, пасэрей адыгэхэм ябгъэдэлъа акъылымрэ щІэныгъэмрэ къапкърыкІащ.

Ныбжьыщхъэ щаІэкІэ, псалъэжьхэм лІэщІыгъуэ Іэджэм я лъэужь яхъумащ, лІэщІыгъуэхэм къащхьэдэхыурэ къыщыгъуэгурыкІуэм къызэщІакъуащ ди тхыдэм и пэжыпІэр. Абы ипкъ иткІэ жьыпІэмэ, ди псалъэжьхэр ди тхыдэм и Іуджэ пэлъытащ. Иджыри къэс жаІэ: «Емынэм къелар Хъумбылейм ихьыжщ». Илъэс щитІ и ныбжьщ а псалъэжьым, и мыхьэнэрэ нобэрей цІыхум дежкІэ гурыІуэгъуэщ, мыгурыІуэгъуэр (нобэрей щІэблэм ямыщІэжьыр) апхуэдэу жаІэнкІэ хуей щІэхъуэрадж. Тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэмкІэ, епщыкІуиянэ лІэщІыгъуэм и кІэухым Къэбэрдеим емынэ узыр щыгтэри, лъэпкъым и нэхъыбапІэр ихьауэ щытащ - цІыхуипщІ къэс бгъур ихьауэ хуагъэфащэ. Емынэм къела мащІэр пащтыхьыдзэм пэувыгъащ, я хэкур зэрырамыгъэпхъуэн щхьэкІэ. Пащтыхьым и дзэмрэ адыгэхэмрэ щыІэзэуар Хъумбылей псым дежщ: бий къанлыр емынэм къела мащІэм «къытекІуащ». Абдежым жаІащ: «Емынэм къелар Хъумбылейм ихьыжщ», - жари. Емынэ узымрэ пащтыхьым и дзэлІхэмрэ ета нэужьщ Къэбэрдеим и щІыналъэм и нэхъыбапІэр щыфІэкІуэдар – тІури лъапсэрых яхуэхъуащ адыгэхэм.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

● Іуэрыіуатэ

Адэм и лъы уасэ

И ныбжь щынэсым:
- Си адэм илъ сщІэжьынщ, - жери Батрэз нартхэ зауэ яхилъхьащ.
Зауэ щахилъхьэм, нартхэ къэгузэващ.
- Зауэ кІыхьыумыльхьэ, ди ужь икІ, уи адэм и лъыуасэ уэттынщ, - къыжраІащ нартхэм.
- Си адэм и лъыуасэр вжеІэнщ, - жиІащ Батрэз, Хьэрэмэлуащхьэ кІуэри. - Фэнэ из аргъуеилъ къыс-хуэфхьмэ, си адэм и лъыуасэ хъунщ.
Фэнэ из аргъуеилъ агъуэтакъым нартхэм.
- Дгъуэтыркъым, Батрэз, - къыжраІащ.
- Абы щыгъуэм хьэмкІуТІейм пхъэбгъу къысхуэфхынщ - си адэм и лъы уасэ хъунщ ар, - яжриащ нартхэм.
Нартхэм хьэмкІуТІейм пхъэбгъу къыхахыфакъым.
- Къыткухэхыркъым, Батрэз.
- ХьэмкІутІейм пхъэбгъу къыщыхэвмыхыфкІэ, гулъэмыж хъун шэбар къысхуэфхьмэ, си адэм и лъыуасэ хъунщ, - япиубыдащ Батрэз нартхэм.
Гулъэмыж хъун шэбар агъуэтакъым нартхэм.
- Дгъуэтыркъым, Батрэз.
- Лъей из дарий сахуэ къыісхуэфхьи, си адэм и лъыуасэ хъунщ, - яжриащ итІанэ.
Нартхэм дарийуэ яІэр ягъэсыжа щхьэкІэ, лъейм из яхуэщІакъым.
ИтІанэ мыр япиубыдащ:
- ШыбзэкІэ псы къыхуэфхьи, си адэм и лъыуасэ хъунщ.
ШыбзэкІэ псы къахьыфакъым нартхэм.
- Къыткухэхыркъым, Батрэз, - жаІащ нартхэм.
- Шы пщІэгъуалищэ хагъуэтакъым нартхэ я шыбзым, щэми я щхьэ фІыцІэрэ зэщхьыркъабзэу, - си адэм и лъыуасэ хъунщ ар.
Шы пщІэгъуалищэ хагъуэтакъым нартхэ я шыбзым, щэми я щхьэ фІыцІэрэ зэщхьыркъабзэу.
- Абы щыгъуэ, - яжриІащ Батрэз нартхэм, - пкІэлъей евдзи, уафэм фыдзкІуей, - си адэм и лъыуасэ хъунщ ар.
ПкІэлъей ирадза щхьэкІэ, нартхэр уафэм дэкІуеифакъым.
- Ди гуащІэм къихьыркъым, Батрэз, - жаІащ нартхэм.
- Армэ, сэ хы тІуащІэм сыдыхьэнщи, сыкъыізэджэр нэвгъакІуэ - си хьыбар къыфхуихьыжынщ, - жери Батрэз хы тІуащІэм дыхьащ.
Нартхэ ящыщ шым къеджэри хы тІуащІэм дишащ.
Хы тІуащІэм дишар къиуКІри и шыр къиутІыпщыжащ Батрэз.
ЕтІуанэми къеджащ.
ЕтІуанэри къиуКІащ.
Ещанэми ар кърищІащ.
- Мыбы дыІэщІэухэнщ, - жари нартхэр зэрыгъэщтащ. Зэрыгъаштэри, къеджа щхьэкІэ, хы тІуащІэм дыхьэжаІакъым.
- Фи ужь сикІынщ, си адэр зыуКІар къызжефІэмэ, - яжриІащ Батрэз нартхэм, хы тІуащІэм къыдэкІыжри.
- Уи адэр зыуКІар Пщымарыкъэущ, - къэхэшащ нартхэр.
И адэр зыуКІам и цІэ къыщраІуэм, Батрэз нартхэ я ужь икІыжащ.

● Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр илъэси 100 щрикъум ирихьэлІэу

Мэзкуу дэт къэрал медицинэ институтыр 1956 гъэм къэзыуахэр илъэс 25-рэ дэкІуэу зэхущащ. КъБАССР-м и Курортхэм я унафэщІ КІыщокъуэ Хьэтау *(сэмэгумкІэ етІуанэщ)* **къыбгъэдэтщ Москва Вишневскэм и цІэр зезыхьэ институтым и директор, медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор Фёдоров Владимир** *(сэмэгумкІэ ещанэщ). Москва. 1981 гъз, мазаем и 27*

● ГъэщІэгъуэнщ

Троллейбусхэр Санкт-Петербург къыщожьэ

1902 гъэм Урысейм япэу зекІуэм щыщІадзащ троллейбусхэм. А лъэхъэнэм «электроавтомобиль»-кІэ зэрджэу щыта машинэхэр щагъэунэхуар Санкт-Петербургщ. Троллейбусым килограмм 820-рэ и хьэлъагът. Абы папщІэ электроІэмэпсымэхэр къызэрыщІагъэкІыр барон Шуленбург и проектымкІэт. Токыр зэрызекІуэ системэр зытращыкІар франджы къэхутакІуэ Ломбар-Жерен къигупсыса конструкцэрщ.

Ток кІапсэкІэ къыізэрыгъэкІ гъэгум къыщыізыжьыхь машинэр Урысейм заншІэу псоми щызэрагъэкІуэфакъым, илъэс 30 дэкІа нэужьщ ар Москва «къыщыдэувар».

ТхьэІухудхэм я зэпеуэ

1951 гъэм мэлыжьыхьым и 15-м Лондон етІуанэу щекІуэкІауэ щытащ Тхьэ-Іухудхэм я дунейпсо зэпеуэр. А къэхъугъэм иужькІэ Лондон хуащ дунейпсо дахагъэм и къалащхь. «ЩІы хъурейм и нэхъ цІыхубз дахэ» зэпеуэр щекІуэкІари Лондонщ. ТхьэІухудхэм я етІуанэ зэпеуэм хьыджэбз 30 хэтауэ щытащ.

Апхуэдэ зэхьэзэхуэ СССР-м япэу къыщыщызэрагъэпэщар 1988 гъэращ. «Москва и тхьэІухуд-88» зэпеуэр комсомолым иригъэкІуэкІырт, абы щыгъуэ къыдэкІын щІэзыдзагъащІэ «Бурда» журналрат мыпхуэкІэ защІэзыгъакъуэр. Москвадзэ хъыджэбз мин бжыгъэ хэтыну щІэхъуэпсу ахэр къыщыхьах зэІущІэхэм екІуалІэрт. Абы щыгъуэ япэ текІуэныгъэр зыпльысар илъэс 16 хъу Калининэ Машэщ.

● Шхыныгъуэхэр

КІэртІоф хьэнтхъупс

Шыуаным тхъу иралъхьэри, мафІэ щабэм тету ягъэткІу. Абы зэпэплІмэурэ упщІэта бжьыныщхъэ халъхьэри, зэІащІэурэ ягъэлыбжьэ, шыбжий сыр хьэжа хакІутэ, зэІащІэурэ тхъуэплъ дахэ хъуху ягъэлыбжьэ. Абы псывэ хъагъэхъэзыІрам щыщ бэлагъкІэ зэІащІэурэ щІакІэ, зэІащІэурэ мафІэ щабэм тету дакъикъитІ-щыкІэ къагъэкъуалъэ. Абы халъхьэ ІупщІэурэ упщІэта кІэртІоф. Псывэ хъэнар щІакІэжри шыгъу хадзэ, зэІащІэ. Шыуаныщхъэр трапІэри, хьэзыр хъуху мафІэ щабэкІэ ягъавэ. Хьэзыр хъуа хьэнтхъупсыр пэщхьэкум къытрахри джэдгын, бурш хаудэ, шыуаныщхьэр трапІэжри дакъикъитхукІэ щагъэт. Пщтыру фалъэкІэ Іэнэм трагъэувэ. ЩІакхъуэ е лэкъум дашх. Шати хэзыкІэ щыІэщ.

Халъхьэхэр (цІыхуитІ Іыхьэ):

тхъуэ - грамм 40,
бжьыныщхъэ укъэбзауэ - грамм 35-рэ,
псывэу - грамм 900,
кІэртІоф укъэбзауэ - грамм 200,
шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

Бабыщыл гъэбэкхъа

БАБЫІЩ укІар, гъэхъэбзар Іыхьэ-Іыхьэурэ зэпкърах, псы щыІэкІэ ятхъэщІ, шыуаным иралъхьэри, лыр щІигъанэу псы хуабэ щІакІэ, шыгъу хадзэ. МафІэр ину зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъуРыМФэр къытрахьугъэ, абы и ужькІэ мафІэр цІыкІу ящІ, шыуаныщхьэр трапІэри нысуэвэфІ хъуху ягъавэ. Бабыщыл вар лэпсым къыхахри ягъэжэпхъ. ШыуанкІэ е тебэ кУкІэ тхъу къагъэпль, абы бабыщыл Гъущаохэр халъхьэри, зэрагъэдзэкІыурэ тхъуэпль хъуху ягъажьэ. ИтІанэ мафІэр цІыкІу ящІри, щимэ цІыкІуурэ упщІэта бжьын, шыбжий сыр хьэжа халъхьэ икІи, зэІащІэурэ, бжьыныр тхъуэпль хъуху ягъажьэ. И щхьэр бжьыныху уба халъхьэ, зэІащІэурэ щатэпс щІакІэ, шыуаныщхьэр трапІэ, мафІэр щабэ дыдэ ящІри, хьэзыр хъуху ягъэбэкхъ. Шыуаныр пэщхьэкум къытрахьжри джэдгын хаудэ. И щхьэр тепІауэ дакъикъи 5-6-кІэ щагъэт, нэхъ Іэфі, мэ дахэ къищтэн щхьэкІэ. Іэнэм щытрагъэувэнум и деж, бабыщылыр тепщэчым иралъхьэ, абы и щІыпм тракІэ шыуаным къина щатэпсри бжьыныхури. Яшх пщтыру, пІастэ, мырамысэ щІыгъуу. Шэ хуабэ трафыхьыхь.

Халъхьэхэр (цІыхуитху Іыхьэ):

бабыщылу - грамм 1000,
бжьыныщхъэу - грамм 50,
бжьыныхуу - грамм 30,
тхъууэ - грамми 150-рэ,
щатэпсу - грамм 200,
шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Тхыдэ

Гъуджэ пэлъытэ

Пасэрейм жиІащ: «Унэм зыщыгъаси, хасэм кІуэ». Нартхэм я хасэ лъандэрэ адыгэхэм къадогъуэгурыкІуэ а псалъэжьыр. Мыри жиІащ пасэрейм: «Гупсыси, псалъэ. Зыплъыхьи, тІыс». Хасэм яхьихьэ нарт щауэр зэрагъэІущ псалъэщ ар.

Зекіуэ ежьэ нартым жраІэ: «ПащІэгъэлыгъуэ джэгу хэлъкъым». Гъэгу утехьэу Іэщэ къыщиупхакІэ, уи щхьэр щыхэплъхьи къэхъунщ жыхуиІащ...

Апхуэдэ псалъэ Іущ куэд къызэринэкІащ пасэрейм. ПІэщІыгъуэ кІыхьхэм я акъылрэ я щІэныгъэрэ къызэщІакъуаэу ди деж къэсащ пасэрейм къызэринэкІа псалъэ Іущхэр. Ныбжьыщхъэ зэраІэм, губзыгъагъэ зэраІуатэм, щІэблэ Іэджэм зэрызэІэпахам и хьэтыркІэ абыхэм псалъэжькІэ еджэ хъуащ. Псалъэжьым нэхъ псэ быдэ щыбгъуэтынкъым Іуэрыіуатэм, ар ди япэ итахэм нобэрей щІэблэм къыхуагъэна уэсрэ пэлъытэщ, и къарур мыкІуэщІауэ, и лъымрэ и Іэпкъльэпкъымрэ мыупщІыІуауэ ди зэманым къэсауэ. Псалъэжьым ди деж къихьэсащ цІыхум и дуней епльыкІэмрэ и гупсысэмрэ, аращ абы и къалэн нэхъыщхьэр - дуней зыльэгъуа, гъащІэм и Іэфіи и дыджи зыгъэва цІыхум и акъылымрэ и щІэныгъэмрэ щІэблэхэм яхуэхъумэн. ЛІыгъэм щІапІыкІа, абы и уасэр зыщІэ цІыхуц щІэблэм мыпхуэдэ псалъэ къыхуэзыгъэнэфынкІэ хъуну щытар: «ЛІыгъэр Іыхьэ мыгугъэшц», «ЛІы и псалъэ епцІыжыркъыи», «ЛІыхъужь и джатэ бзэщъхуркъым», «ЛІыгъэ зиІэр мазэхэм мэгушхуэри, лІыгъэншэр маззгъуэм мэщыпнэ», «ЛІыгъэм Іэщэр хуэжьІэщІэщ», «Іэщэ зыгъэдалъэм ипЕ япэ мажэ».

Пасэрейхэм къызэранэкІа псалъэжьхэм уригъуаэзмэ, гу лъыботэ адыгэхэм лІыгъэм, цІыхугъэм, захуагъэм, пэжыгъэм, ныбжьэгъуэм пащІ зэрыщымыІам, щІэблэр апхуэдэ хъугъуэфІыгъуэхэм щІагъэджыкІ зэпытурэ къызэрыгъэгурыкІуам. Хабзэр псом япэ изыгъэща лъэпкъым и щІэблэм къыхуигъэнащ мыпхуэдэ псалъэхэр: «Хабзэр бзэгупэкІэ къахьыркъым», «Хабзэр убзэ зыфІэщІым хуэпщІэнум и ныкъуэ къеГанэ», «ЖьантІэм ущІэмыкъу - пхуэфащэмэ, къыплъысынщ».

Гупсысэм и лъащІэкІэ еджэ хабзэщ псалъэжьым. Абы шэч хэлъкъым. Псалъэжьым иІуатэ гупсысэр зы цІыхум е цІыху гупым, зы хьэблэм е зы жьилэм, зы гъэм е зы лІэщІыгъуэм я акъылкъым. Ар зэман кІыхькІэ зэфІоувэ, лъэпкъ псом я акъылымрэ я щІэныгъэмрэ къызэщІекъуэ. Абы щыхьэт техъуэфынущ дэтхэнэ адыгэ псалъэжьри.

Техъуэфынущ, псалъэм папщІэ, «Дунейр шэрхъщи, мэкІэрахъуэ» псалъэжьыр. ЛІэщІыгъуэ кІыхь Іэджэм япсыхьащ а псалъэжьыр, пасэрей адыгэхэм ябгъэдэлъа акъылымрэ щІэныгъэмрэ къапкърыкІащ.

Ныбжьыщхъэ щаІэкІэ, псалъэжьхэм лІэщІыгъуэ Іэджэм я лъэужь яхъумащ, лІэщІыгъуэхэм къащхьэдэхыурэ къыщыгъуэгурыкІуэм къызэщІакъуащ ди тхыдэм и пэжыпІэр. Абы ипкъ иткІэ жьыпІэмэ, ди псалъэжьхэр ди тхыдэм и Іуджэ пэлъытащ. Иджыри къэс жаІэ: «Емынэм къелар Хъумбылейм ихьыжщ». Илъэс щитІ и ныбжьщ а псалъэжьым, и мыхьэнэрэ нобэрей цІыхум дежкІэ гурыІуэгъуэщ, мыгурыІуэгъуэр (нобэрей щІэблэм ямыщІэжьыр) апхуэдэу жаІэнкІэ хуей щІэхъуэрадж. Тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэмкІэ, епщыкІуиянэ лІэщІыгъуэм и кІэухым Къэбэрдеим емынэ узыр щыгтэри, лъэпкъым и нэхъыбапІэр ихьауэ щытащ - цІыхуипщІ къэс бгъур ихьауэ хуагъэфащэ. Емынэм къела мащІэр пащтыхьыдзэм пэувыгъащ, я хэкур зэрырамыгъэпхъуэн щхьэкІэ. Пащтыхьым и дзэмрэ адыгэхэмрэ щыІэзэуар Хъумбылей псым дежщ: бий къанлыр емынэм къела мащІэм «къытекІуащ». Абдежым жаІащ: «Емынэм къелар Хъумбылейм ихьыжщ», - жари. Емынэ узымрэ пащтыхьым и дзэлІхэмрэ ета нэужьщ Къэбэрдеим и щІыналъэм и нэхъыбапІэр щыфІэкІуэдар – тІури лъапсэрых яхуэхъуащ адыгэхэм.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **5**. Бахъсэн районым щыщ къуажэ. **6**. Бразилием щекІуэкІа дунейпсо Олимп зэхьэзэхуэхэм дыщэ медаль къыщыізыхьа адыгэ щІалэ. **9**. Вакъэ лъапІэ кІыхь. **11**. Тенджызэ фІыцІэм адыгэхэр зэрреджэ нэгъуэщІыцІэ. **12**. «Джэдкі1э» псалъэр языныкъуэ сабийхэм зэрыжаІэр апхуэдэущ. **13**. «Мет» псалъэр нэгъуэщІу зэррыжьипІэнур. **15**. ЩэкІ кІапэ. **16**. Ауан, щІагъыбзэ щІэлъу яутІыпщ псалъэуха. **17**. Бын. **18**. ПшахъуэщІ. **21**. ГъущІ тхьэгъуурэ зэрылъ кІапсэ. **22**. Хъарбыз ... е хьэльуэ ... **24**. Танэ мэжэлІам и ... макъ Іуэм къиІукІащ. **25**. Уафэм хъех мыл тыкъыр цІыкІу. **26**. Акъылым уасэ иІэкъым, гъэсэнныгъэм ... иІэкъым. **27**. ПхъащІэ Іэмэпсымэ. **29**. Ику иту тонн 60 - 80 хуэдэ къэзышэч псэущхьэ. **30**. ГушыІэр ... и щІасэщ. **33**. ЩыгъынЕ. **35**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ. **36**. ЖьантІэм ... , пхуэфащэмэ, къыплъысынщ. **38**. Дунейр ... щэнтщ.

Къехьу: **1**. Дыщэм хуамыгъадзэм, и щІыпІ. **2**. ФІы дыдэу еджэм ар хуагъэув. **3**. Пащ, зи ныбэр къежьа. **4**. Гъэзгум иІэ кумбльэмбхэр. **5**. Къуажэ унагъуэм иль Іэмэпсымэ. **7**. Псы Іуфэ лъагэ е щцхупІэ. **8**. Социалист Лъэкыгъэм и Лы-хъужь Іэрэмыгъэ Ахьмэд, ўсакІуэ Джэдгъэф Борис, Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и артист Иуан Владимир сымэ я къуажэ. **9**. Маршынэм, лъакъуэ-рыгъажэм, шыгум я зы Іыхьэ. **10**. ЩІалэ бжьыфІэ, пкъыфІэ. **14**. НэгъуэщІым ипщэфІар зэзымыпэс цІыху хьэлыншэ. **16**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, абы и кІуэдыжьгъуэм дамэ къыІоткІэ. **19**. ... ... лъагъуэ зэхуаІэщ. **20**. Мэш хьэуазэ. **23**. Зауэ зэманым связисту щыта, Совет Союзым и Лы-хъужь. **27**. Коммунистхэм ... собранэ ирагъэкІуэкІащ. **28**. Нартхэм я фадэр а пхъэщхьэмыщхьэм къыхащІыкІырт. **31**. Къэбэрдей усакІуэ, нэгъабэ зи ныбжьыр илъэс 70 иригъуа ... Пётр. **32**. МахуэщІэ. **33**. Адыгей Республикэм и япэ президенту щыта. **34**. Псы Іуфэ мывалъэ-пшахъуалъэ. **37**. Гъущэ, псы зыщІэмыІт. **38**. Пасэрей хъыбарегъащІэ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Мазаем и 27-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **3**. Нэгуасэ. **6**. Дзэлыкъуэкъуажэ. **9**. Кърым. **10**. ЖьгЕьей. **11**. Нэхущ. **14**. Бзу. **15**. Акъсырэ. **16**. Кумб. **17**. Шху. **18**. Бо. **19**. Шэд. **20**. ЦІыпІынэ. **21**. Кхъулэ. **22**. Анэш. **24**. Мыхъур. **26**. Гупкіэ. **27**. Тхъэгурымагъуэ. **28**. Хъымсад.

Къехьу: **1**. Шэдыбжь. **2**. Псыкъуий. **4**. Пэкъум. **5**. Бжэн. **7**. Иризгъэкъунщ. **8**. ШхуэмылакІэ. **12**. ЦІахуІэ. **13**. Дэбэч. **23**. Шухьэ. **24**. Мэгурым. **25**. Рамзан. **26**. Губгъуэ.

● ГушыІэхэр

УмыкІий закъуэ

Зэрыхабзэти, зэтехьа щхьэкІэ, нысэр и тхьэмадэм епсалъэтэкъым.

- Си нысэ цІыкІур зэгъэсэлъэнущ, - жиІэри, тхьэмаджьым мэл иукІащ, и ныбжьэгъуэхэр кьриджащ, нысэм псэльапщІэу тыгъэ лъапІэхэр кІыхуищэхури, зыбгъэдишащ:

- Хъунщ, тІасэ, умыпсалъэу уэррыщытащ, уи нэмыс и хьер улъагъу.ФІыщІэ пхузощІ! Дяпэкіэ укъызэпсалъэ хъунущ! – жиІэри кІыхуищэхуаэр ириташ. Тхьэмадэжьым и ныбжьэгъу лІыжьхэри нысэм бдзэу къехъуэхъуащ.

Нысэм и гъэпсэлъапщІэм и хьэтыркІэ зэныбжьэгъу лІыжьхэри хъарзынэу зэдефэщ-зэдешхри, я нэгу зиужьащ, я ныбжьэгъужьым къехъуэхъуэри, зэбгрыкІыжащ.

Псэлъэну хуит хъуа нысэр етІуанэ махуэм хьэблэ псом зэхахьу кІийуэ къыдэуващ.

ЛІыжьым нысэр ириджэри жиІащ:

– Дыгъуасэ мэл пхуэзэкІамэ, нобэ вы пхуэзэукІынщ, нысэ, ауэ умыкІий закъуэ.

Абы и цІэр езым зыфІиищыжынщ

ЛІыжьым нысэ хъыхуашат. Зэрыхабзэти, нысэр зэрагъэфІэну цІэр фІащыну псори зэхэзэжарт. Пхъэ къытапІэм Іущ Іэу хэс лІыжьым бгъэдэлъадэхэри елъэІуащ.

- Дадэ, ди нысэ цІыкІум фІэтщыну цІэ дахэ къыджеІэ!

- Абы и цІэр езым зыфІиищыжынщ, тІасэхэ, фэ гугъу зевмигъэхь, - жиІащ лІыжьым.

Тхьэмахуэ зытІущ нэхъ дэмыкІыу, нысащІэр псыхьэ кІуэну къыщІэкІауэ, пщІантІэм зы ажэжь дэтти, нысащІэ мыцІыхур щилъаГуэ, езаузу щІидзащ.

НысащІэм зыкъиплъыхьщ-зыниплъыхьри, зыри щимыльагъум, пэгунитІыр игъэувщ, ажэм щэсри, пхъэхьымкІэ иубэрэжьу щІидзащ.

ЛІыжь къыдыхьэжьм ар щилъагъум жиІащ:

- «Ажэ шущ» дяпэкІэ фызэреджэнур.

КЪАРДЭНГЪУЩІ Зырамыку.

● Псалъэ шэрыуэхэр

ЩІыхь зиІэ щытхъу хуэныкъуэкъым

♦**ХамэщІыр сыт щыгъуи щІыІэщ.**
♦**Щхьэм имыльмэ, гум иІуэр къольэлъ.**
♦**Бгым щыхуам и мыІуэху зэрихуэжьыркъым.**
♦**ЩІыхь зиІэ щытхъу хуэныкъуэкъым.**
♦**Хамэм зыкъыпщІигъакъуэмэ, къуэшри къофы-гъуэж.**
♦**ЩІыуагъэр мыгъуагъэщи, гугъапІэр пІащІех.**
♦**Анэм и гуэзвэгъуэр гъунапкъэншэщ.**
♦**Нысэр гъэсамэ, усэ хуэфащэщ.**
♦**Зи мащІэм зигъэнщІри, зи куэдым зимыгъэпІыжу къэнащ.**
♦**ЩІыхуащІэм щІагъуэт, щыхуамыщІэм хъущІэрт.**

АФЭЩІАГЪУЭ Іэнас.



Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Астьэн, ЩэщІэныджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщІ Иэ**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьыбаршІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэтехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епГыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщІэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъаззм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.
«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгъ къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А
12+

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДышэкІ Соиа**, *редактору* **Жылаэ Заурбэч**, *корректорхэру* **Инэрокъуэ Азэмат** *(2, 3, 6-нэ нап.),* **Нэужькоъуэ Замирэ** *(1, 4, 5-нэ нап.). Компьютерхэр газетым и тепІэгр яцІащ* **Бещто Оксанэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Іэ тралдзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр П 5894 ● Тираж 1935 ● Заказ №483